दिन—शुक्रवार दिनांक—18.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय कहलक अछि जे बाल विवाह निषेध अधिनियम के व्यक्तिगत कानून द्वारा बाधित नहिं कयल जा सकत। शीर्ष न्यायालय कहलक जे बाल विवाह स्वेच्छा अनुसार जीवन संगी चुनबाक इच्छा के उल्लंघन करैत अछि। मुख्य न्यायाधीश डी.वाई. चन्द्रचूड़ के अध्यक्षता बला खंडपीठ देश मे बाल विवाह रोकथाम कानून के प्रभावी कार्यान्वयनक लेल दिशा निर्देश सेहो जारी कयलक अछि। पीठ इहो कहलक जे बाल विवाह निषेध कानून मे किछु कमी अछि। बाल विवाह निषेध अधिनियम दू हजार छओ बाल विवाह रोकबाक आ ओकर उन्मूलनक लेल बनाओल गेल छल।

---

प्रदेश मे जहरीला शराबकांड मे मृतक के संख्या बढ़ि कऽ बियालीस भऽ गेल अछि। सीवान, सारण आ गोपालगंज जिला सँ किछु आन मामिला सोझा आयल छथि। मद्यनिषेध आ उत्पाद मंत्री रत्नेश सदा जनौलनि जे सीवान मे सत्ताईस आ सारण मे सात गोटे के मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, गोपालगंज सँ सेहो दू मामिलाक पुष्टि भेल अछि। सीवान, सारण आ गोपालगंज जिला मे विषैला शराब पीबा सँ भेल मृत्युक मामिला मे एखन धरि सैंतालीस गोटे के गिरफ्तरी कयल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एखन धरि दू सय पचास स्थान पर छापामारी कयल गेल अछि। एहि मध्य मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मामिलाक उच्चस्तरीय समीक्षा बैसक मे अधिकारी लोकनि के संलिप्त लोकसभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे बिहार मे फिल्म निर्माणक क्षेत्र मे अपार संभावना अछि। सरकार फिल्म निर्माण आ स्थानीय कलाकार सभ के प्रोत्साहित

करबाक लेल बिहार–फिल्म–प्रोत्साहन नीति दू हजार चौबीस बनौलक अछि। कला संस्कृति आ युवा विभागक दिस सँ आइ पटना मे आयोजित बिहार फिल्म कॉन्क्लेवक उद्घाटन सत्र के सम्बोधित करैत श्री सिन्हा कहलनि जे एहि नीति के अंतर्गत फिल्म निर्माता लोकनि के सरकार अनुदान देत। ओ कहलनि जे एहि कॉन्क्लेवक उद्देश्य देशभरि के फिल्म निर्माता लोकनि के बिहारक दिस ध्यान आकर्षित करब अछि। कॉन्क्लेव मे फिल्म अभिनेता आ सांसद रवि किशन तथा मनोज तिवारी सेहो सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————

बिहारक चारि विधानसभा सीट तरारी, रामगढ़, बेलागंज आ इमामगंज के लेल उप–चुनावक अधिसूचना जारी हेबाक संगहि नामांकनक प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि। प्रत्याशी पच्चीस अक्टूबर धरि नामांकन पत्र दाखिल कऽ सकताह। अट्ठाईस अक्टूबर के नामांकन पत्र सभक जाँच होयत। उम्मीदवार तीस अक्टूबर धरि अपन नामांकन आपस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के कराओल जायत। जखनकि मतक गिनती तेईस नवंबर के होयत। इमामगंज सुरक्षित सीट सँ हम के जीतनराम मांझी, रामगढ़ सँ राजदक सुधाकर सिंह, बेलागंज सँ राजदक सुरेन्द्र प्रसाद यादव आ तरारी सँ भाकपा–माले के सुदामा प्रसादक लोकसभा सदस्य चुनल गेला के बाद खाली भेल एहि सीट सभ पर उप–चुनाव कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————

झारखंड विधानसभा चुनावक लेल एनडीए के सहयोगी दल सभक मध्य सीटक घोषणा कऽ देल गेल अछि। राज्यक चुनाव सह–प्रभारी हिमंत बिसवा सरमा राँची मे कहलनि जे भारतीय जनता पार्टी अड़सठि सीट सभ पर चुनाव लड़त जखनकि दस सीट आजसू पार्टी के देल गेल अछि। जमशेदपुर पश्चिम आ तमारक दू सीट जदयू के देल गेल अछि। चतरा के एक सीट चिराग पासवान के नेतृत्वबला एलजेपी के देल गेल अछि।

———————————————————————

रेलवे अग्रीम आरक्षणक वर्तमान समय सीमा एक सय बीस दिन सँ घटा कऽ साठि दिन कऽ देलक अछि। आब अग्रिम टिकट दू मास पहिने लेल जा सकत। ई परिवर्तन पहिल नवंबर सँ लागू होयत। ओना ई मासक एकतीस तारीख धरि चारि मास बाद धरिक टिकट

लेल जा सकत। ताज एक्सप्रेस आ गोमती एक्सप्रेसक मामिला मे कोनो परिवर्तन नहिं होयत। किएककि एहि रेलगाड़ी सभक अग्रिम आरक्षण अवधि पहिनहि सँ कम अछि। ओतहि, विदेशी पर्यटक लोकनिक लेल अग्रिम आरक्षणक समय–सीमा सालो भरि बनल रहत।

———————————————————————————

परिवहन विभाग बिना लाइसेंस आ नाबालिग द्वारा ई–रिक्शा सहित आन तिपहिया वाहनक परिचालन करबा पर वाहन सभ के जब्त करबाक आदेश देलक अछि। संगहि, हुनका लोकनि पर मोटर वाहन अधिनियमक विभिन्न धाराक अंतर्गत कार्रवाई करबाक सेहो निर्देश देल गेल अछि। विभागीय सचिव संजय कुमार अग्रवाल सभ जिला परिवहन पदाधिकारी लोकनि के एहि सम्बन्ध मे आदेश जारी कऽ विशेष अभियान चलेबाक लेल कहलक अछि।

———————————————————————————

दरभंगाक कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालयक प्रांगण मे आइ सँ तीन दिवसीय चन्द्रगुप्त साहित्य महोत्सवक शुभारम्भ भेल। कार्यक्रमक उद्‌घाटन करैत राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि जे एहि तरहक आयोजन सँ समाज के नव दिशा भेटैत अछि। राज्यपाल साहित्य मे नवोन्मेषक आवश्यकता जनौलनि। एहि उद्‌घाटन समारोह मे दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर, राज्यसभा सदस्य धर्मशीला गुप्ता आ विश्वविद्यालय के कुलपति सहित देशक विभिन्न भाग सँ आयल साहित्यकार तथा कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। तीन दिन धरि चलऽबला एहि महोत्सव मे विभिन्न साहित्यिक आ सांस्कृतिक सत्रक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————————

समाप्त